MASSACHUSETTS
Department of
Early Education and Care

Maura Healey
GOVERNOR

Kim Driscoll
LIEUTENANT GOVERNOR

Steve Zrike
SECRETARY

Amy Kershaw
COMMISSIONER

Pwogram Asistans Finansye pou Gadri Timoun: Règleman sou Elijiblite selon Revni

Nimewo Règleman: CCFA-26-04

Dat Piblikasyon: 6 Me, 2026

Dat Antre an Vigè: 6 Me, 2026

Aplikabilite: Tout Administratè Aksè pou Fanmi (FAA yo), Mass211, ajans Resous ak Referans pou Gadri Timoun (CCRR yo), Founisè ki sou Kontra yo, ak Fanmi yo.

TAB KONTNI

Kontèks ..... **Error! Bookmark not defined.**

Sistèm Asistans Finansye pou Gadri Timoun nan Massachusetts... **Error! Bookmark not defined.**

Pwogram Gadri Timoun pou Moun ki Elijib selon Revni yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Otorite..... **Error! Bookmark not defined.**

Enfòmasyon Adisyonèl [opsyonèl] 5

PA ITILIZE ANKO ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 1: Lis Datant..... 6

Pòtal MyChildCareMA a..... **Error! Bookmark not defined.**

Sekirite ak Idantifyan MyMassGov yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Kominikasyon ak Notifikasyon yo..... **Error! Bookmark not defined.**

Fanmi ki Pa Gen Aksè ak Teknoloji ..... **Error! Bookmark not defined.**
Aplikasyon Fanmi an ..... **Error! Bookmark not defined.**
Enfòmasyon Aplikasyon an Kolekte ..... **Error! Bookmark not defined.**
Dokiman Obligatwa yo ..... **Error! Bookmark not defined.**
Estati Aplikasyon Fanmi yo ..... **Error! Bookmark not defined.**
Estati Priyorite ..... **Error! Bookmark not defined.**
Verifikasyon Estati Priyorite a ..... **Error! Bookmark not defined.**
Aksè Jeneral ..... **Error! Bookmark not defined.**
Kategori Estati Priyorite yo ..... **Error! Bookmark not defined.**
Revizyon ak Elijiblite Aplikasyon Lis Datant lan ..... **Error! Bookmark not defined.**
Delè pou Revizyon ..... **Error! Bookmark not defined.**
Pa Respekte Delè a ..... **Error! Bookmark not defined.**
Apwobasyon Lis Datant lan ..... **Error! Bookmark not defined.**
Refi Lis Datant lan ..... **Error! Bookmark not defined.**
Dwa pou yon Revizyon ..... **Error! Bookmark not defined.**
Ap tann Benefis yo (Renouvèlman ak Chanjman yo) 14
Rapòte Chanjman yo ..... **Error! Bookmark not defined.**
Renouvèlman Anyèl ..... **Error! Bookmark not defined.**
Delè Renouvèlman an Rate ..... **Error! Bookmark not defined.**
Of Benefis pou Gadri Timoun yo ..... **Error! Bookmark not defined.**
Resevwa yon Of ..... **Error! Bookmark not defined.**
Reponn yon Of ..... **Error! Bookmark not defined.**
Rekòmanse Pwosesis la ..... **Error! Bookmark not defined.**
Fanmi ki Gen Aksè Imedya (Bliye Lis Datant lan): 17
Chapit 2: Elijiblite ..... **Error! Bookmark not defined.**
Dokimantasyon ..... **Error! Bookmark not defined.**
Idantite Paran (yo) oswa Moun k ap Bay Swen (yo) 20

Konpozisyon ak Gwosè Ménaj la ..... **Error! Bookmark not defined.**

Rezidans Massachusetts ..... **Error! Bookmark not defined.**

Laj Timoun nan ..... **Error! Bookmark not defined.**

Sitwayènte ak Estati Imigrasyon Timoun nan ..... **Error! Bookmark not defined.**

Revni ..... **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis ..... **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis – Travay ..... **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis – Edikasyon oswa Fòmasyon ..... **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis – Konje Paran ..... **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis – Chèche Aktivite Apwouve ..... **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis – Resevwa oswa Gen Risk pou Resevwa Sèvis Pwoteksyon . **Error! Bookmark not defined.**

Bezwen pou Sèvis – Kantite Gadri a ..... **Error! Bookmark not defined.**

Sipleman Chemen pou Travay a Plen Tan ..... **Error! Bookmark not defined.**

Konbine Aktivite Bezwen pou Sèvis ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 3: Peryòd Otorizasyon yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 4: Rapòte Chanjman yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 5: Plasman ..... **Error! Bookmark not defined.**

Pèsonèl Edikasyon Bonè k ap Pran Swen Pwòp Timoun Yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 6: Enskripsyon ak Prezans ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chanje Founisè yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Gadri deyò Massachusetts ..... **Error! Bookmark not defined.**

Finansman Transpò ..... **Error! Bookmark not defined.**

Absans nan Gadri a ..... **Error! Bookmark not defined.**

Twòp Absans ..... **Error! Bookmark not defined.**

Sispansyon Apwouve nan Gadri a ..... **Error! Bookmark not defined.**

Lè yon Fanmi Retounen nan Gadri a ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 7: Frè Paran yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Peman Frè Paran yo..... **Error! Bookmark not defined.**

Rabè sou Frè Paran yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Ranbousman Frè Paran yo..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 8: Derogasyon nan Règleman yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 9: Mete Fen nan Plasman an..... **Error! Bookmark not defined.**

Kondisyon Notifikasyon yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Chapit 10: Refi ak Mete Fen nan Otorizasyon CCFA yo..... **Error! Bookmark not defined.**

Refi Otorizasyon CCFA yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Mete Fen nan Otorizasyon CCFA yo ..... **Error! Bookmark not defined.**

Notifikasyon Refi oswa Mete Fen nan Asistans Finansye a ..... **Error! Bookmark not defined.**

Demann pou Revizyon yon Desizyon pou Refize oswa Mete Fen nan Asistans Finansye a ..... **Error! Bookmark not defined.**

Kontinyasyon Gadri a Pandan Revizyon an ..... **Error! Bookmark not defined.**

Depoze yon Demann pou yon Odyans Enfòmèl..... **Error! Bookmark not defined.**

Kontinyasyon Gadri a Pandan Odyans Enfòmèl la ..... **Error! Bookmark not defined.**

Fwod ki Konfime ..... **Error! Bookmark not defined.**

Vyolasyon Entansyonèl Règleman Pwogram nan ..... **Error! Bookmark not defined.**

Repons EEC a Vyolasyon Entansyonèl Règleman Pwogram nan **Error! Bookmark not defined.**

Egzanpsyon nan Diskalifikasyon ak Mete Fen pou Referans DTA ak/oswa DCF yo **Error! Bookmark not defined.**

KONTÈKS

Sistèm Asistans Finansye pou Gadri Timoun nan Massachusetts

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) bay asistans finansye pou ede fanmi ki gen revni fèb nan Massachusetts peye pou bon jan kalite edikasyon ak gadri bonè. Règleman

sa a rasanble plizyè règleman entèrim ak avi ki soti 2023–2026 nan yon sèl kad regilasyon, pou asire fleksibilite, transparans, ak aksè ekitab pou tout rezidan nan Commonwealth la.

Gen twa Pwogram Asistans Finansye pou Gadri Timoun ki egziste pou reponn ak diferan bezwen fanmi yo atravè Commonwealth la:

- Pwogram Gadri Timoun pou Moun ki Elijib selon Revni yo
- Pwogram Gadri Timoun ki Gen Rapò ak Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)
- Pwogram Gadri Timoun ki Gen Rapò ak Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

Pwogram Gadri Timoun pou Moun ki Elijib selon Revni yo

Pwogram Gadri Timoun pou Moun ki Elijib selon Revni yo sèvi fanmi ki abite nan Massachusetts, ki satisfè sèten direktiv sou revni, epi ki gen yon “bezwen pou sèvis” (tankou travay, ale lekòl, oswa suiv fòmasyon pwofesyonèl). Yon fanmi ki elijib ap resevwa sèlman yon sèl kalite sipò (kontra oswa bon) pou chak timoun ki elijib.

OTORITE

- M.G.L. c. 15D, § 1: Otorite jeneral pou asire timoun yo ak fanmi yo gen tout opòtinite pou yo rive reyalize tout potansyèl yo.
- M.G.L. c. 15D, § 13A: Kodifikasyon Pwogram CCFA a nan lwa.
- 606 CMR 10.00: Règleman sou Asistans Finansye pou Gadri Timoun yo.
- 45 CFR Pati 98: Plan Federal Fon pou Swen ak Devlopman Timoun (CCDF) la.

ENFÒMASYON SÈLMAN SI BEZWEN [OPSYONÈL]

- Asistans Finansye pou Gadri Timoun pwogram asistans finansye pou gadri timoun nan Massachusetts (CCFA) ka ede w peye pou gadri ak pwogram pou timoun yo apre lekòl.
- Resous pou fanmi k ap resevwa Asistans Finansye pou Gadri Timoun: aprann plis sou pwogram CCFA yo, konbyen ou ka peye pou gadri, sa ou dwe fè pou kenbe asistans ou, epi kijan pou fè nou konnen nenpòt chanjman nan fanmi ou.

- Paj pou aplike pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun: pou fanmi k ap chèche jwenn asistans finansye.
- Tanpri vizite Sant Entènèt EEC pou Pwogram Asistans Finansye pou Gadri Timoun yo bay dènye règleman, politik, avi politik, pwosedi, FAQ, ak resous fòmasyon sou asistans finansye pou gadri timoun yo.
- Fòmilè Komen pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun yo
- Pou jwenn asistans pou aplikasyon oswa entèpretasyon règleman entèrim sa yo sou Asistans Finansye pou Gadri Timoun yo, kontakte EEC nan eecsubsidymanagement@mass.gov.

PA ITILIZE ANKO

- Règleman Entèrim pou Pwogram Asistans Finansye pou Gadri Timoun ki Elijib selon Revni – 1 Oktòb 2023
- Avi Politik EEC – Operasyon sou Teren 2023-4 – Asistans Finansye pou Gadri Timoun
- Avi Politik EEC – Operasyon sou Teren 2024-7 – Gid Politik Mizajou pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun
- Avi Politik EEC – CCFA 2025–03 – Règleman Entèrim pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun ki Elijib selon Revni ak Pwogram Gadri Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) la
- EEC CCFA 26-01 – Avi Politik Entèrim pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun ki Elijib selon Revni

CHAPIT 1: LIS DATANT

Massachusetts angaje li pou ede fanmi yo jwenn ak peye pou bon jan kalite edikasyon ak gadri bonè. Piske finansman pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun ka limite, EEC itilize yon lis datant santralize pou jere demann asistans finansye yo.

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) kenbe yon sèl lis datant pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun pou tout eta a. Fanmi ki sou lis sa a ka resevwa benefis gadri lè finansman vin disponib. Yo ofri finansman an selon disponiblite lajan ak plizyè faktè,

tankou dat fanmi an te fè premye demann li.

Règleman sa yo esplike règ pou lis datant Asistans Finansye pou Gadri Timoun epi yo fèt pou ede fanmi yo konprann yo:

- Kijan pou aplike epi ki dokiman fanmi yo bezwen bay.
- Kimoun ki ka jwenn priyorite pou resevwa finansman pi vit.
- Responsablite fanmi yo pandan y ap tann benefis yo.
- Kijan yo pran desizyon sou finansman lè finansman vin disponib.

Pou jwenn asistans finansye pou gadri timoun, fanmi yo travay ansanm ak yon Administratè Aksè Fanmi (FAA). Fanmi yo ka jwenn èd pou aplikasyon lis datant lan nan men yon FAA nan nenpòt nan kote sa yo:

- Mass211 Rele 2-1-1 oswa 877-211-6277
- Yon Ajans Resous ak Referans pou Gadri Timoun (CCRR)
- Yon Founisè Gadri Timoun ki gen kontra

Fanmi yo aplike sou entènèt atravè Pòtal Fanmi MyChildCareMA, sistèm sou entènèt EEC pou aplike epi jere Asistans Finansye pou Gadri Timoun. Pòtal la disponib nan plizyè lang, tankou Angle, Panyòl, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Ris, Arab, ak Chinwa.

Pòtal MyChildCareMA

Sekirite ak Kalifikasyon MyMassGov

Pou jwenn aksè nan pòtal MyChildCareMA epi kòmanse yon aplikasyon, fanmi yo dwe gen yon pwofil pèsonèl MyMassGov. Sistèm sekirize sa a ede kenbe enfòmasyon prive fanmi yo an sekirite. Premye fwa yon itilizatè konekte nan MyChildCareMA, sistèm nan ap “lye” kont pèsonèl MyMassGov yo si youn deja egziste.

Si yon itilizatè pa deja gen yon pwofil MyMassGov, li ka kreye youn atravè sistèm sekirize MyMassGov la. Si yon itilizatè deja gen yon kont pèsonèl Mass.Gov, li pral sèvi ak menm kalifikasyon sa yo pou konekte.

- **Sèvi ak yon sèl imèl:** Fanmi yo dwe sèvi ak menm adrès imèl la pou kont MyMassGov yo ak aplikasyon pou gadri timoun yo.

- **Si imèl ou chanje:** Fanmi yo dwe rapòte nenpòt chanjman imèl bay Administratè Aksè Fanmi yo (FAA) pou kenbe dosye gadri timoun yo ajou.
- **Enpòtan:** Fanmi yo dwe tou chanje adrès imèl pou kont MyMassGov yo sou My.Mass.Gov nan seksyon Anviwònman Kont (Account Settings).

Kominikasyon ak Notifikasyon

Pòtal MyChildCareMA a se zouti ki pi enpòtan pou jere sitiyasyon yon fanmi sou lis datant lan. Tout avi—ki gen ladan avi Apwobasyon, Retire, ak Refi, ansanm ak nenpòt òf finansman pou gadri timoun—disponib nan pòtal la. Administratè Aksè Fanmi (FAA) voye yon notifikasyon pa imèl bay fanmi an lè gen yon nouvo mesaj ki disponib oswa lè gen yon aksyon espesifik ki nesesè. Se responsablite fanmi an pou konekte nan pòtal la pou revize kominikasyon sa yo epi konplete travay ki nesesè pou kenbe elijibilite yo.

Fanmi ki pa gen aksè ak teknoloji

Fanmi ki pa gen òdinatè, adrès imèl, oswa aksè ak entènèt dwe kontakte yon Administratè Aksè Fanmi (FAA) pou jwenn asistans.

- **Aranjman Espesyal:** FAA a travay ansanm ak fanmi an pou idantifye pi bon fason pou kominike, tankou apèl telefòn oswa lapòs Etazini (U.S. Mail).
- **Responsablite Fanmi yo:** Fanmi ki pa itilize pòtal la dwe rete an kontak sere ak FAA a epi tcheke lapòs papye yo souvan pou asire yo respekte tout dat limit yo.

Aplikasyon Fanmi

Fanmi yo gen dwa sèlman yon sèl aplikasyon sou lis datant nan tout eta a alafwa.

Enfòmasyon Aplikasyon an Kolekte

Aplikasyon an mande detay sou kay la pou detèmine elijibilite pou asistans finansye pou gadri timoun ak plasman sou lis datant lan. Fanmi an dwe bay enfòmasyon sou sa ki annapre yo:

- **Idantite ak Rezidans:** Prèv ki montre kiyès aplikan an (oswa aplikan yo) ye epi ke yo rete nan Massachusetts.
- **Konpozisyon kay la:** Konbyen moun ki rete nan kay la (gade seksyon Konpozisyon ak Gwosè Kay la nan seksyon Elijibilite ki anba a).
- **Timoun ak Elijibilite:** Laj timoun ki bezwen gadri (anba 13 an, oswa anba 16 an si

yo gen yon andikap).

- **Estati Sitwayènte oswa Imigrasyon Timoun nan:** Enfòmasyon sou estati sitwayènte oswa imigrasyon timoun (yo) ki bezwen gadri. Asistans Finansye pou Gadri Timoun se yon benefis pou timoun yo; paran ak moun k ap pran swen timoun yo pa oblije bay pwòp estati imigrasyon pa yo pou aplike pou timoun yo.
- **Revni ak Byen:** Prèv ke revni brit chak mwa kay la se nan oswa pi ba pase 85% Revni Medyàn Eta a (SMI), epi yon sètifikasyon ki konfime ke byen kay la pa depase $1,000,000.
- **Bezwen sèvis:** Poukisa fanmi an bezwen gadri timoun (tankou pou travay oswa lekòl).
- **Estati priyorite:** Enfòmasyon ki ka ede fanmi an jwenn finansman pi vit (gade seksyon Estati Priyorite ki anba a).
- **Preferans ak enterè pou gadri timoun**. Sa fanmi an vle ak bezwen nan yon pwogram gadri timoun.

Aplikasyon an poze tou lòt kesyon sou kalite gadri fanmi an vle pou ede yo jwenn pi bon match ak bon kalite finansman an:

- **Kalite founisè:** Enterè nan yon kay gadri familyal, yon pwogram ki baze nan sant, oswa yon moun k ap bay gadri enfòmèl.
- **Fòm Asistans:** Enterè nan yon plas sou kontra (yon òf pou yon pwogram gadri espesifik) oswa yon bon (voucher) pou itilize nan nenpòt founisè gadri ki aksepte asistans finansye pou gadri timoun).
- **Lòt:** Enterè nan Head Start, pwogram apre lekòl (Out of School Time), ak/oswa gadri sezonye.

<u>Dokiman Obligatwa</u>

Fanmi yo dwe bay prèv pou atik sa yo nan espas 30 jou kalandriye apre yo fin soumèt aplikasyon yo:

- **Idantite**: Prèv ki montre kiyès paran an (oswa moun k ap pran swen timoun nan) ye.

- **Rezidans nan Massachusetts:** Prèv ki montre rezidans la rete nan Massachusetts
- **Revni ak benefis:** Prèv tout revni brit kay la ak benefis ki konte. Fanmi ki travay ak tèt yo (self-employed) “deklarasyon pwòp tèt yo” revni yo pou lis datant lan.

Remak: Fanmi an ka deklare (self-attest) ke yo satisfè lòt egzijans pou antre nan lis datant lan. Sa yo gen ladan bezwen sèvis la, estati sitwayènte/imigrasyon timoun nan, oswa sèten priyorite. FAA a verifye sa yo pita lè yo fè yon òf pou benefis gadri timoun epi fanmi an aksepte li.

Estati Aplikasyon Fanmi

Pòtal MyChildCareMA a itilize estati espesifik pou montre ki kote yon fanmi ye nan pwosesis la:

- **“Aplikasyon Konplè:”** Fanmi an poko soumèt aplikasyon an
- **“ Verifye Elijiblite pou Lis Datant lan:”** Aplikasyon an soumèt, men pwosesis la poko fini. Fanmi an dwe toujou fè yon **apèl** kontak ak yon Administratè Aksè pou Fanmi (FAA) epi bay dokiman ki nesesè yo.
- **“Tann Finansman:”** Fanmi an satisfè tout kondisyon yo epi li ofisyèlman aktif sou lis datant lan.
- **“Fèmen:”** Dosye fanmi an fèmen. Sa rive anjeneral lè fanmi an pa respekte yon dat limit oswa li pa elijib dapre règleman EEC yo.

Avi Enpòtan sou Elijiblite:

Lefèt ke yo mete yon fanmi nan estati aktif “**Tann Finansman**” sou lis datant eta a pa garanti fanmi an ap resevwa finansman. Fanmi an dwe pwouve li satisfè tout règ yo nan moman yo fè òf benefis la.

Estati Priyorite

Gen kèk fanmi ki ka jwenn finansman pou gadri pi vit si yo gen yon “Estati Priyorite.” Aplikasyon pou lis datant lan ranmase enfòmasyon ki nesesè pou detèmine si yon fanmi satisfè youn oswa plis nan estati priyorite ki anba yo.

Verifikasyon Estati Priyorite

Pou kèk estati priyorite, EEC pèmèt fanmi an fè deklarasyon pa li menm (oto-attestasyon) sou estati li pou antre sou lis datant lan. Sepandan, atribisyon estati

priyorite sa a se pwovizwa. Si fanmi an pa kapab bay prèv ofisyèl (tankou yon lèt abri) lè yo ofri finansman an, yo retire òf la. Nan ka sa a, fanmi an retounen sou lis datant lan san estati priyorite, men li toujou kenbe dat orijinal aplikasyon an.

Aksè Jeneral

Fanmi ki pa satisfè okenn estati priyorite toujou antre sou lis datant lan san yo pa resevwa yon estati priyorite.

Kategori Estati Priyorite yo

Yon fanmi ka elijib pou yon Estati Priyorite si kay la satisfè youn nan kritè sa yo:

- **Fanmi ki touche 50% oswa mwens nan Revni Medyan Eta a (SMI).** Estati sa a aplike lè revni brit total kay la egal oswa pi ba pase 50% Revni Medyan Eta Massachusetts la. FAA a itilize dokiman revni ou yo pou konfime estati sa a.

- **Paran oswa moun k ap bay swen ki travay nan domèn edikasyon ak swen bonè.** Estati sa a aplike lè yon paran/oswa moun k ap bay swen travay pou yon pwogram edikasyon ak swen bonè ki gen lisans oswa ki resevwa finansman leta. Pou kalifye, moun nan dwe resevwa yon salè oswa pèman dirèkteman nan pwogram nan.

    - **Moun ki ladan l:** Edikatè (asistan, founisè gadri familyal, elatriye), pèsonèl biwo/administratif, pèsonèl kourikoulòm, pèsonèl sipò (kwizin, antretyen, transpò), pèsonèl k ap travay pou yon CCRR, ak pèsonèl Sistèm Gadri Familyal lè y ap jwenn aksè ak yon plas sou kontra.
    - **Verifikasyon:** Yo itilize repons aplikasyon fanmi an pou bay estati priyorite sa a. Fanmi an ap bay nimewo “P” (Nimewo Founisè) anplwayè a).
- **Fanmi ki gen timoun ki gen yon andikap dokimante.** Estati sa a aplike lè timoun ki bezwen gadri a genyen yon andikap fizik, mantal, oswa emosyonèl ki dokimante (anjeneral li gen yon plan IEP oswa 504). Yon timoun ki gen yon andikap dokimante ka kontinye elijib pou gadri jiskaske li gen 16 an. Yo itilize repons aplikasyon fanmi an pou detèmine estati priyorite a epi pou evalye si yon timoun ki pi gran (laj 13 rive 16 an) ka resevwa gadri. Fanmi an bay prèv ofisyèl sèlman apre yon FAA fè yon òf finansman.

- **Fanmi ki ap fè fas ak sanzabri.** Estati sa a aplike lè fanmi yo pa gen yon kote ki estab oswa pèmanan pou yo rete. Sa gen ladan nenpòt fanmi yo konsidere kòm

sanzabri dapre Lwa Federal McKinney-Vento a. Pa egzanp, fanmi k ap viv nan abri, motèl, kan, oswa k ap pataje kay ak lòt moun akoz yo pèdi lojman yo. Yon fanmi fè oto-attestasyon sou eksperyans sanzabri li nan aplikasyon an epi li pa oblije bay dokiman pou antre sou lis datant lan. Verifikasyon ofisyèl obligatwa sèlman apre yon FAA fè yon Òf Benefis Gadri Timoun.
Fanmi ki gen yon paran ki poko gen 24 an. Estati sa a aplike lè yon paran biyolojik poko gen 24 an epi li ap viv ak pitit li. FAA a itilize pyès idantite oswa lòt dokiman pou konfime estati sa a pou lis datant lan.

- **Fanmi ki gen yon paran k ap sibi vyolans domestik.** Estati sa a aplike lè yon paran oswa moun k ap bay swen ap sibi vyolans domestik. Enfòmasyon sa a rete prive epi yo itilize li sèlman pou bay priyorite sou lis datant lan. Yon fanmi ka resevwa priyorite lè li reponn “wi” pou kesyon sou vyolans domestik la nan aplikasyon an, epi pa gen okenn dokiman ki nesesè pou antre sou lis datant lan. Verifikasyon ofisyèl obligatwa sèlman apre yon FAA fè yon Òf Benefis Gadri Timoun.

Revizyon Aplikasyon Lis Datant lan ak Elijiblite

Administratè Aksè pou Fanmi an (FAA) revize aplikasyon an ak dokiman yo pou asire yo suiv règ eta a. Yo ka mete fanmi yo sou lis datant lan si yo bezwen gadri kounye a oswa si yo pral bezwen li nan lavni (sa gen ladan fanmi ki ansent kounye a).

Delè pou Revizyon an
Lè fanmi an soumèt yon aplikasyon sou entènèt, estati a montre kòm “Verifye Elijiblite pou Lis Datant.” Pou pase nan estati “Tann Benefis,” fanmi an dwe fini pati pa li nan pwosesis la nan 30 jou kalandriye:

- **Apèl Kontak:** FAA a eseye rele fanmi an nan 5 jou ouvrab apre yo fin soumèt aplikasyon an. Pandan apèl sa a, FAA a revize repons aplikasyon an epi li reponn kesyon fanmi an yo.

- **Dokimantasyon:** Fanmi an dwe telechaje oswa voye tout dokiman ki nesesè yo nan 30 jou kalandriye apre soumisyon aplikasyon an. FAA a eksplike pandan apèl kontak la ki dokiman ki nesesè ak kijan pou bay yo lè yo itilize Fonksyon Telechajman Dokiman an.

- **Desizyon:** FAA a detèmine si fanmi an elijib pou lis datant lan nan 10 jou kalandriye apre fini apèl kontak la ak resevwa tout dokiman ki nesesè yo.

Pa Respekte Dat Limit la

Si fanmi an pa fini pwosesis la alè, aplikasyon an ap fèmen.

- **Avi pou Retire sou Lis Datant lan:** FAA a mete yon avi nan pòtal MyChildCareMA a. Avi a eksplike poukisa yo fèmen dosye a.
- **Peryòd Gras 30 Jou:** Fanmi an gen 30 jou kalandriye apati dat avi sa a pou bay nenpòt dokiman ki manke yo. Si fanmi an fini pwosesis la pandan peryòd sa a epi li satisfè tout kondisyon yo, li kenbe dat orijinal soumisyon aplikasyon/lis datant li a.
- **Rekòmanse: Apre peryòd gras 30 jou a fini, fanmi an dwe kòmanse yon nouvo aplikasyon. Sa ap bay yon nouvo dat sou lis datant lan.**

Apwobasyon Lis Datant lan

Si aplikasyon an montre fanmi an sanble kalifye pou finansman, FAA a fè aksyon sa yo:

- **Apwouve Dosye a:** FAA a apwouve aplikasyon an pou lis datant lan. Dat lis datant lan rete menm dat orijinal fanmi an te soumèt aplikasyon an.
    - Nòt sou Elijiblite: Apwobasyon sa a pa yon desizyon final sou elijiblite pou finansman. FAA a pran yon desizyon final sou elijiblite pou benefis gadri sèlman apre fanmi an aksepte yon òf finansman epi li bay dokiman ki ajou yo.
- **Mete yon Avi Apwobasyon Lis Datant lan:** FAA a mete yon avi apwobasyon nan pòtal MyChildCareMA a. Fanmi an resevwa yon imèl pou fè li konnen avi a pare pou li gade li.

Refi pou Lis Datant lan

Si yon fanmi pa satisfè règ eta a pou asistans finansye pou gadri timoun, FAA a mete yon *Avi Refi pou Lis Datant* nan pòtal MyChildCareMA a. Rezon komen pou refi yo gen ladan yo:

- Fanmi an pa abite nan Massachusetts.
- Pa gen timoun nan kay la ki kalifye pou gadri. (Timoun yo dwe poko gen 13 an, oswa poko gen 16 an si yo gen yon andikap).
- Revni brit kay la twò wo (pi wo pase 85% Revni Medyan Eta a).

- Byen kay la (tankou kay oswa kont labank) depase $1,000,000.

Dwa pou Mande yon Revizyon

Tout Avi Refi ak Retire ap eksplike kijan yon fanmi ka soumèt yon Demann pou Revizyon. Fanmi an itilize pwosesis sa a si li kwè yo pa t suiv yon règleman kòrèkteman. Tanpri gade: Refi ak Mete Fen – Demann pou Revizyon yon Desizyon pou Refize oswa Mete Fen nan Asistans Finansye a.

Tann Benefis (Renouvèlman ak Chanjman yo)

Yon fwa aplikasyon an rive nan estati “Tann Benefis,” fanmi an responsab pou kenbe enfòmasyon li yo ajou pou yo ka kontakte li lè finansman vin disponib.

Rapòte Chanjman yo

Fanmi an dwe kontakte Administratè Aksè pou Fanmi an (FAA) pou fè chanjman nan enfòmasyon kay la. FAA a bay fanmi an aksè pou modifye enfòmasyon yo nan pòtal MyChildCareMA a. FAA a kapab tou mete enfòmasyon yo ajou nan non fanmi an.

Chanjman fanmi an dwe rapòte yo gen ladan:

- **Enfòmasyon Kontak:** Yon nouvo nimewo telefòn, adrès postal, oswa adrès imèl.
- **Chanjman nan Kay la**: Nesans yon timoun oswa yon chanjman nan kantite moun k ap viv nan kay la.
- **Nouvo Estati Priyorite:** Lè fanmi an vin satisfè yon nouvo estati priyorite (pa egzanp, kòmanse yon nouvo travay nan domèn edikasyon ak swen bonè).

Renouvèlman Anyèl

Pou rete sou lis datant eta a, fanmi an dwe konfime enterè li pou kontinye epi mete enfòmasyon kay la ajou chak 12 mwa.

- **Avi Renouvèlman:** Yo mete yon Avi Renouvèlman Lis Datant nan pòtal MyChildCareMA a chak 12 mwa si fanmi an toujou ap tann benefis yo.
- **Kijan pou Reponn:** Fanmi an gen 30 jou kalandriye pou konplete renouvèlman an. Sa fèt sou entènèt atravè pòtal la oswa lè yo rele yon FAA nan Mass 211. Fanmi an dwe tou bay nenpòt dokiman ajou FAA a mande.

- **Pwosesis Revizyon:** Lè fanmi an renouvle, yon FAA revize enfòmasyon ki ajou yo pou asire fanmi an toujou satisfè règ elijiblite yo pou rete sou lis datant lan.
- **Apwobasyon:** Si fanmi an sanble toujou kalifye, yo ap rete sou lis datant lan. FAA a mete yon Avi Apwobasyon Lis Datant nan pòtal MyChildCareMA a.
- **Refi:** Si fanmi an pa kalifye ankò, FAA a mete yon Avi Refi Lis Datant nan pòtal MyChildCareMA a. Avi sa a eksplike kijan pou mande yon "Demann pou Revizyon" si fanmi an kwè yo pa t suiv règleman yo kòrèkteman. Tanpri gade: Refi ak Mete Fen – Demann pou Revizyon yon Desizyon pou Refize oswa Mete Fen nan Asistans Finansye a

Pa respekte Dat Limit Renouvèlman an

Si fanmi an pa reponn avi renouvèlman an nan 30 jou kalandriye, dosye a fèmen, epi yo retire fanmi an sou lis datant lan.

Rezon pou yo retire yon fanmi sou lis datant lan gen ladan yo:

- Fanmi an pa reponn apèl oswa mesaj FAA a.
- Fanmi an pa mete ajou oswa pa konfime enfòmasyon kay la nan 30 jou kalandriye.
- Fanmi an pa bay dokiman ki nesesè yo nan 30 jou kalandriye.

Si yo retire yon fanmi, FAA a mete yon *Avi pou Retire sou Lis Datant* lan nan pòtal MyChildCareMA a. Avi sa a eksplike sa fanmi an ka fè si li kwè yo pa t suiv yon règleman kòrèkteman.

- **Peryòd Gras 30 Jou:** Si yo retire yon fanmi paske li pa respekte dat limit renouvèlman an, fanmi an gen 30 jou kalandriye apati dat avi pou retire a pou kontakte yon FAA nan Mass211. Si fanmi an bay enfòmasyon ki ajou yo pandan peryòd sa a, FAA a revize dosye a pou detèmine si fanmi an ka rete sou lis datant lan.
- **Rekòmanse:** Si fanmi an pa respekte peryòd gras 30 jou a, li dwe soumèt yon nouvo aplikasyon. Sa ap kreye yon nouvo dat sou lis datant lan.

Ofri Benefis Gadri Timoun

Lè finansman pou gadri timoun vin disponib, yon Administratè Aksè pou Fanmi (FAA) chwazi fanmi sou lis datant lan pou resevwa yon Òf Benefis Gadri Timoun. Yo fè òf yo baze sou plizyè faktè, tankou dat fanmi an te premye fè aplikasyon an.

Resevwa yon Òf

Si finansman vin disponib pou yon fanmi, FAA a mete yon Òf Benefis Gadri Timoun nan pòtal MyChildCareMA a. Fanmi an resevwa tou yon imèl ak/oswa yon mesaj tèks pou fè li konnen gen yon mesaj ki disponib. Òf Benefis Gadri Timoun nan gen ladan non òganizasyon k ap ofri finansman an ak enfòmasyon kontak yo si fanmi an bezwen plis detay. Fanmi an resevwa youn nan de kalite asistans sa yo:

- **Yon Koupon:** Sa ka itilize nan nenpòt founisè gadri ki aksepte asistans finansye leta.
- **Yon Plas sou Kontra:** Sa se yon plas nan yon pwogram gadri espesifik.

Reponn yon Òf

Fanmi an dwe reponn òf la nan 15 jou kalandriye. Piske finansman limite, yo souvan fè òf pou plizyè fanmi an menm tan pou menm finansman an. Fanmi an ka chwazi aksepte oswa refize òf la.

- **Premye vini, premye sèvi:** Premye fanmi ki reponn/aksepte òf la epi ki verifye avèk siksè elijiblite CCFA a se li ki jwenn finansman an.
- **Aksepte Òf la:** Si fanmi an aksepte, estati a nan pòtal la chanje pou “Verifye Elijiblite pou Benefis.” Fanmi an travay ak FAA a pou verifye elijiblite aktyèl pou finansman. Apre sa, fanmi an gen 30 jou kalandriye pou bay tout dokiman final yo pou pwouve yo satisfè règ pou finansman.
- **Verifye Elijiblite Aktyèl la:** Sikonstans kay la ka chanje depi fanmi an te antre sou lis datant lan oswa depi dènye renouvèlman an. Pou resevwa finansman, fanmi an dwe bay dokiman ki ajou ki montre yo toujou satisfè tout règ elijiblite yo nan moman yo fè òf la. Sa gen ladan yo gen yon revni brit total kay la ki egal oswa pi ba pase 85% Revni Medyan Eta a (SMI).
- Si dokiman ki ajou yo montre fanmi an pa satisfè règ elijiblite yo ankò, òf finansman an anile, epi dosye a ka fèmen.

- **Refize Òf la:** Fanmi an gen dwa refize yon òf si li pa satisfè bezwen li yo. Si fanmi an refize yon òf men li vle kontinye tann pou yon lòt opòtinite, li rete sou lis datant lan ak dat orijinal li sou lis la.

- **Si Fanmi an Pa Reponn:** Si fanmi an pa reponn nan 15 jou kalandriye, òf la ekspire epi yo retire fanmi an sou lis datant lan. FAA a mete yon Avi pou Retire sou Lis Datant lan nan pòtal MyChildCareMA a. Avi a eksplike sa fanmi an ka fè si li kwè yo pa t suiv yon règleman kòrèkteman.

- **Retabli Plas sou Lis Datant lan:** Fanmi an gen yon peryòd gras 30 jou apati dat yo retire li a pou kontakte FAA a pou retabli plas li sou lis datant lan.

- **Ekspirasyon Òf la:** Dat orijinal sou lis datant lan ka retabli pandan peryòd gras sa a, men òf finansman orijinal la pa aktif ankò. Fanmi an retounen sou lis datant lan jiskaske finansman vin disponib ankò.

Kòmanse Pwosesis la Ankò

Si dosye yon fanmi fèmen epi fanmi an pa gen yon plas aktif ankò sou lis datant lan, fanmi an ka kòmanse pwosesis la ankò.

Lè yon Fanmi Ka Re aplike:

- **Apre yo retire yo:** Si yo retire yon fanmi nan lis datant lan (pa egzanp, paske yo rate yon delè renouvèlman) epi peryòd gras 30 jou a fini, fanmi an dwe rekòmanse pwosesis la lè li kontakte Mass211.

- **Apre yon refi:** Si yo te refize yon fanmi deja paske li pa t ranpli kondisyon elijibilite yo, fanmi an gen dwa reaplike nan lavni si sitiyasyon kay la chanje (pa egzanp, si revni fanmi an bese).
- **Nouvo Dat Lis Datant:** Nan toude ka yo, sa vle di fanmi an resevwa yon nouvo dat lis datant ki baze sou jou yo soumèt nouvo aplikasyon an. Ansyen dat lis datant lan pa retabli apre peryòd gras la pase.
- **Eksepsyon pou Sanksyon:** Si asistans finansye pou gadri timoun yon fanmi sispann akòz yon “Sanksyon” (yon penalite paske yo pa respekte règ pwogram nan), fanmi an pa kalifye pou reaplike pandan peryòd sanksyon an. Lèt revokasyon an bay dat lè sanksyon an fini ak lè fanmi an gen dwa aplike ankò.

Fanmi ki gen Aksè Imedya (Ki Pa Pase nan Lis Datant lan):

Pifò fanmi dwe antre sou lis datant lan pou resevwa benefis gadri timoun. Sepandan, kèk fanmi pa oblije antre sou lis datant nan tout eta a epi yo ka kalifye pou Aksè Imedya ak asistans finansye pou gadri timoun. Si yon fanmi kalifye, Administratè Aksè Fanmi an (FAA) ede fanmi an jwenn aksè imedya a.

Yon fanmi ka kalifye pou jwenn aksè imedya ak finansman si yo satisfè omwen youn nan kategori kritè ki anba yo:

- **Fanmi ki gen Referans**: Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) oswa Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) refere fanmi an pou asistans finansye pou gadri timoun.
- **Règ pou Frè ak Sè:** Si youn nan timoun nan kay la deja ap resevwa asistans finansye pou gadri timoun, lòt timoun ki kalifye nan kay la ki bezwen gadri ka kalifye pou jwenn aksè imedya ak finansman.
- **Kontinite Swen:** Yon fanmi ki deja ap resevwa benefis gadri timoun epi sitiyasyon yo chanje (gade lis ki anba a), epi yo kalifye pou pwogram gadri timoun pou fanmi ki kalifye selon revni.
    - **Gadri apre pwogram ki gen rapò ak DTA**: Apre dezyèm ane gadri tranzisyonèl DTA a.
    - **Gadri apre pwogram ki gen rapò ak DCF:** Apre dezyèm ane gadri tranzisyonèl DCF la.
    - **Pèdi yon plas espesifik sou kontra:** Elijibilite pou yon plas sou kontra nan yon pwogram espesifik fini. Pa egzanp, yon paran vin gen 24 an oswa yon fanmi pa konsidere kòm san kay ankò nan moman re-otorizasyon anyèl yo.

CHAPIT 2: ELIJIBILITE

Pou kalifye pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun ki baze sou revni:

- Timoun nan dwe yon sitwayen oswa yon non-sitwayen kalifye nan Etazini;
- Timoun nan dwe gen mwens pase 13 an oswa gen mwens pase 16 an si timoun nan gen yon andikap;
- Fanmi timoun nan ap viv avèk li a dwe rete nan Massachusetts;
- Revni brit anyèl fanmi an dwe nan oswa pi ba pase 85% Revni Medyàn Eta a (SMI);
- Fanmi an dwe gen byen ki pi ba pase $1 milyon; epi
- Paran ki ap viv nan kay la dwe satisfè yon bezwen sèvis a tan pasyèl oswa a tan

plen (jan sa defini anba a).

Elijibilite ap detèmine anvan premye otorizasyon pou asistans finansye pou gadri timoun, epi anvan chak re-otorizasyon.

Dokimantasyon

Fanmi yo dwe bay dokiman ki sipòte elijibilite yo pou asistans finansye pou gadri timoun. Dokiman sipò sa yo ap kolekte epi revize pa Administratè Aksè Fanmi yo (FAA) pou verifye:

- Idantite paran an (yo) oswa moun k ap pran swen timoun nan; *
- Konpozisyon ak gwosè kay la (moun ki ap viv ansanm epi ki konte lè yo ap detèmine gwosè fanmi an). Sa gen ladan paran an (yo) oswa moun k ap pran swen timoun nan, timoun yo nan swen yo, ak nenpòt fanmi ki depann sou yo
- Rezidans nan Massachusetts;
  • Estati sitwayènte oswa imigrasyon chak timoun yo ap mande asistans finansye pou gadri pou yo a; *
- Laj chak timoun yo ap mande asistans finansye pou gadri pou yo a; *
  • Revni brit total kay la ki nan oswa pi ba pase 85% Revni Medyàn Eta a, epi byen fanmi an pa depase $1 milyon nan valè; epi
- Bezwen sèvis pou chak paran oswa moun k ap pran swen timoun ki ap viv nan kay la.
  • Chak fwa sa posib, yo ka sèvi ak yon sèl dokiman pou verifye plizyè egzijans (sa vle di, yon dokiman ka konfime plis pase yon faktè elijibilite), pou diminye kantite dokiman fanmi yo bezwen bay.

  * Refere a dokiman fondamantal ki pa chanje epi ki pa bezwen mete ajou ankò yon fwa yo soumèt li.

Yon fwa yon fanmi reponn yon Òf Benefis Gadri Timoun (ki te rele anvan Avi Disponibilite Finansman), fanmi an ap gen jiska 30 jou kalandriye pou soumèt dokiman ki nesesè pou verifye elijibilite yo bay yon FAA. Fanmi yo ka soumèt dokiman yo elektwonikman oswa an pèsòn. Pou fasilite jwenn dokiman ki nesesè yo, FAA yo ap ofri fanmi yo opsyon fleksib ki adapte ak bezwen yo. Opsyon sa yo ap gen ladan, men pa limite a: imèl, faks, mesaj tèks, ak depo san kontak. FAA yo dwe trete dokiman verifikasyon elijibilite yo imedyatman lè yo resevwa yo.

Fanmi yo ka soumèt dokiman yo nan nenpòt lang. Yo pa dwe egzije okenn fanmi pou yo tradui dokiman yo oswa pou yo peye okenn frè ki gen rapò ak tradiksyon obligatwa yo.

Sèvis tradiksyon disponib atravè EEC pou ede FAA yo nan tradui dokiman elijibilite fanmi yo.

Si fanmi yo pa kapab bay tout dokiman verifikasyon elijibilite ki nesesè yo nan espas 30 jou, yo ka kalifye pou yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn pou “Chèche Aktivite Apwouve” pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun. Fanmi yo dwe gen 30 jou kalandriye pou soumèt dokiman yo anvan yo bay yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn pou “Chèche Aktivite Apwouve.

Yon fwa yo fin revize dokiman verifikasyon elijibilite yon fanmi kòm pati nan aplikasyon yo, aplikan an ap ranpli fòm sa yo:

- Akò Asistans Finansye pou Gadri Timoun
  • Akò Aplikasyon ak Frè (ki disponib lè yo fin konplete plasman yon timoun nan yon pwogram)
- Fòm Konpozisyon Kay la
  • Deklarasyon Revni Kay la
  • Akò Koupon (sèlman pou plasman ak koupon yo)

Yo ka mande fanmi yo pou yo siyen chak fòm sa yo ankò, nan chak re-otorizasyon epi nenpòt lè gen yon chanjman nan revni kay la ki lakòz yon ajisteman nan frè paran fanmi an.

Idantite paran (yo) oswa moun k ap pran swen timoun nan)

Nan premye otorizasyon an sèlman, paran aplikan ki ap viv nan kay la dwe bay dokiman pou verifye idantite yo.

Pou verifye idantite, fanmi yo dwe bay yon (1) fòm idantite ak foto:

- Paspò Etazini oswa paspò etranje
  • Lisans kondwi Etazini oswa lisans kondwi etranje
  • Kat Otorizasyon Travay
  • Kat idantite travay
  • Kat idantite lekòl
  • Nenpòt lòt kat idantite ki gen foto

Si pa gen okenn idantite ak foto ki disponib, fanmi yo ka verifye idantite yo lè yo itilize de (2) lòt fòm idantite san foto oswa nenpòt lòt dokiman ki ka detèmine oswa verifye idantite. Sa yo gen ladan:

- Sètifika nesans Etazini oswa sètifika nesans etranje
  • Lèt apwobasyon benefis piblik
  • Kat idantite lekòl oswa dosye lekòl
- Dosye medikal

Dokiman idantite ki ekspire yo aksepte kòm fòm verifikasyon idantite si dokiman an, sou lòt aspè, sifi pou etabli idantite yon paran, kèlkeswa lè dokiman an te ekspire. Si pa gen idantite ak foto ki disponib, fanmi yo ka itilize de lòt fòm idantite san foto oswa nenpòt lòt dokiman ki ka detèmine oswa verifye idantite.

Konpozisyon ak gwosè kay la

Konpozisyon kay la refere a gwoup moun ki ap viv nan rezidans lan, kote revni yo ansanm detèmine elijibilite revni fanmi an ak kantite frè paran an dwe peye, ki gen ladan:

- Tout paran oswa moun k ap pran swen timoun yo;
  • Tout timoun depandan (sa gen ladan timoun ki aplike yo ansanm ak sa ki pa aplike yo); epi
  • Tout fanmi depandan ki ap viv nan menm kay la.

Konpozisyon ak gwosè kay la ap verifye atravè aplikasyon konplè pou asistans finansye pou gadri timoun.

Anplis de sa fanmi yo deklare konpozisyon kay yo, yo dwe bay dokiman pou verifye relasyon paran k ap aplike pou asistans finansye pou gadri timoun ak chak timoun ki gen mwens pase 18 an, oswa mwens pase 24 an si timoun nan (yo) se elèv a tan plen epi yo depann finansyèman de paran an (yo). Yon paran ki gen mwens pase 24 an dwe bay tou dokiman pou verifye laj li.

Rezidans nan Massachusetts

Asistans finansye pou gadri timoun disponib sèlman pou rezidan Massachusetts. Paran aplikan yo dwe bay dokiman pou verifye ke yo gen yon adrès aktyèl nan Massachusetts, tankou:

- Bòdwo sèvis piblik ki gen dat nan dènye 45 jou kalandriye yo
  • Deklarasyon ipotèk oswa kontra lwaye aktyèl
  • Dokiman taks
  • Dokiman Otorite Lojman (tankou bon Seksyon 8)

- Enskripsyon machin
- Dokiman ki verifye sanzabri (tankou lèt yon abri)
- Dokiman asirans sante

Remak: Adrès bwat lapòs (Post Office Box) yo pa aksepte kòm prèv rezidans.

Fanmi yo dwe rapòte nenpòt chanjman nan rezidans. Si yon fanmi deplase soti Massachusetts, yo pa kalifye ankò pou asistans finansye pou gadri timoun nan Massachusetts.

Laj timoun nan

Pou yon fanmi kalifye pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun ki baze sou revni, yo dwe ap chèche gadri pou yon timoun ki gen mwens pase 13 an, oswa mwens pase 16 an si timoun nan gen yon andikap. Lè yon timoun rive nan laj maksimòm elijibilite a (li fè 13 an oswa yon timoun ki gen andikap fè 16 an) pandan ane lekòl la, timoun nan rete elijib pou sèvis gadri jiska fen ane lekòl la kote li rive nan laj maksimòm nan oswa jiska fen otorizasyon aktyèl la, sa ki rive dènye a.

Fanmi yo dwe bay dokiman pou verifye laj timoun (yo) pou ki y ap mande asistans finansye pou gadri timoun, tankou:

- Sètifika nesans
  - Dosye nesans
  - Paspò
  - Dokiman gad legal
  - Dokiman tribinal
  - Fòm taks
  - Dosye lekòl

Pou timoun ki gen ant 13 ak 16 an: Pou yo kalifye pou Asistans Finansye pou Gadri Timoun, fanmi yo dwe soumèt dokiman sa yo, ki dwe ranpli pa yon pwofesyonèl apwouve (jan sa endike sou *Fòm Andikap Timoun nan*):

- *Fòm Andikap Timoun* ki ranpli pa yon pwofesyonèl apwouve (jan sa endike sou *Fòm Andikap Timoun nan)*
  - Lèt pwofesyonèl swen: Yon deklarasyon ekri sou papye ofisyèl pwofesyonèl ki ranpli *Fòm Andikap Timoun nan,* ki bay enfòmasyon espesifik sou andikap oswa bezwen espesyal timoun nan.

Sitwayènte ak estati imigrasyon timoun nan

Pou kalifye pou asistans finansye pou gadri timoun, chak timoun y ap mande swen pou li dwe yon sitwayen Etazini oswa yon non-sitwayen kalifye. Fanmi yo dwe bay dokiman pou verifye ke timoun (yo) y ap mande swen pou yo a se sitwayen Etazini oswa non-sitwayen kalifye, tankou yon sètifika nesans, paspò, sètifika natiralizasyon, kat rezidans pèmanan (green card), oswa nenpòt lòt dokiman ki montre sitwayènte Etazini oswa estati non-sitwayen kalifye.

EEC ap fè yon revizyon final anvan yo refize nenpòt fanmi asistans finansye pou gadri timoun sèlman paske yo pa kapab demontre sitwayènte oswa estati imigrasyon timoun nan. Paran yo pa oblije bay prèv sitwayènte oswa estati imigrasyon pou tèt pa yo.

Revni

Fanmi yo dwe gen yon revni brit total kay la ki nan oswa pi ba pase 85% Revni Medyàn Eta a (SMI), epi yo ka rete elijib pou asistans finansye pou gadri timoun si revni brit total kay yo pa depase 85% SMI a.

Lè yo ap evalye elijibilite revni, FAA a ap verifye revni paran ki ap viv ak timoun nan, ki gen ladan sous revni sa yo:

- Salè
- Revni travay endepandan (self-employment)
- Pansyon alimantè
- Gany lotri
- Revni retrèt
- Benefis chomaj
- Konje Medikal Fanmi Peye (PFML) / Konje Medikal Fanmi (FML)
- Konpansasyon pou aksidan travay
- Revni nèt lokasyon
- Dividann oswa revni ki soti nan trust oswa byen eritaj

Sous revni sa yo pa konsidere lè y ap kalkile elijibilite revni yon fanmi:

- Pansyon alimantè pou timoun
  • Revni moun ki se gadyen legal, paran adoptif (fostè), moun k ap bay swen, oswa timoun depandan
  • Revni frè ak sè ki pa resevwa asistans finansyè pou gadri
  • Revni yon timoun minè ki touche pa travay
  • Revni moun ki pa enkli nan konpozisyon fanmi an
  • Revni ki soti nan fanmi oswa patnè ki pa marye epi ki pa genyen yon timoun ansanm
  • Revni asistans gouvènman, ki gen ladan alokasyon pou lwaye ak lòt asistans pou lwaye oswa fon estabilizasyon lojman
- Revni ki soti nan bous detid, sibvansyon, ak prè
  • Kredi taks federal ak leta
  • Revni ki soti nan peman restitisyon
  • Revni Sekirite Sosyal, ki gen ladan men pa limite a benefis sivivan yo oswa Benefis Andikap Sekirite Sosyal (SSDI)
  • Benefis Andikap pou Ansyen Konbatan (Veterans Disability Benefits)
  • Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP)
  • Asistans Tranzisyon pou Fanmi ki Gen Timoun Depandan (TAFDC)

Nòt: Si yon paran ki ap viv avèk yon timoun ap peye pansyon alimantè pou timoun oswa pansyon alimantè pou konjwen, yo ka soustrè peman sa yo nan revni li lè y ap detèmine elijibilite a.

Fanmi yo dwe bay dokiman pou verifye revni brit anyèl fanmi an chak mwa. Fanmi yo ka soumèt prèv revni ki soti nan travay (tankou souch peman, chèk benefis, chèk pèsonèl, oswa prèv konsèy/tip) yo te resevwa pandan 26 dènye semèn yo. Dokiman yo soumèt yo pa oblije youn apre lòt (yo pa bezwen kontinyèl:

- 4 sou 26 semèn si peman an fèt chak semèn
- 2 sou 26 semèn si peman an fèt chak de semèn oswa de fwa pa mwa
- 1 sou 26 semèn si peman an fèt chak mwa

Fanmi yo dwe bay dokiman ki aplikab yo pou verifye sous revni yo:

- Souch peman
  • Chèk benefis
  • Lèt benefis oswa lèt rekonpans

    - Lòt prèv peman
    - Fanmi ki resevwa peman an kach oswa pa chèk pèsonèl dwe bay prèv revni yo
- Nan moman premye otorizasyon an, lè yo ranpli Fòm Verifikasyon Travay la (EVF)
- Lè gen re-otorizasyon, lè yo bay kopi deklarasyon taks yo te soumèt
  • Fanmi ki travay pou tèt yo (self-employed) sèlman bezwen deklare revni yon (1) mwa lè yo ranpli Fòm Deklarasyon Revni Travay Endepandan an oswa lè yo soumèt revni ki kouvri yon (1) mwa:
    - Souch peman
      o Dokiman taks
      o Kontra sèvis
      o *Yo pa egzije prèv resi ak depans yo

Pou diminye kantite dokiman yon fanmi dwe bay, yo ta dwe itilize dokiman yo bay pou verifye revni fanmi an tou pou verifye bezwen sèvis fanmi an ki gen rapò ak travay, nan pi gwo mezi posib.

BYEN

Fanmi ki gen byen ki depase $1 milyon pa pral elijib pou asistans finansyè. Byen yo se atik ki gen valè ki ka konvèti an lajan kach.

- **Byen likid** yo gen ladan, men yo pa limite a, lajan kach ou genyen sou ou, depo labank, sekirite finansye, peman an yon sèl kou, IRA, ak sèten plan Keogh. Valè ki konte pou yon byen likid se valè kach li ki aksesib.
- **Byen ki pa likid** yo se sa ki pa fasil pou konvèti an lajan kach. Sa gen ladan tè, bilding, ak nenpòt byen imobilye. Valè ki konte pou yon byen ki pa likid se valè ekite li, ki detèmine pa valè sou mache jis la mwens tout dèt oswa chaj ki sou li.

Yon fanmi ap deklare li gen byen ki vo $1 milyon oswa mwens lè li siyen aplikasyon konplè pou asistans finansyè pou gadri. Sa pa aplike pou fanmi ki san kay oswa fanmi k ap travay ak DTA ak DCF.

Bezwen Sèvis

Elijibilite yon fanmi pou asistans finansyè pou gadri baze an pati sou chak paran nan kay la ki patisipe nan yon aktivite ki satisfè yon bezwen sèvis oswa ki gen yon lòt bezwen ki kalifye pou sèvis gadri pou timoun yo. Paran yo ka satisfè kondisyon bezwen sèvis la lè yo patisipe nan youn oswa plis nan sa ki annapre yo:

- Travay:

    - Travay peye
      o Travay ak tèt ou
      o Retret
      o Sèvis aktif nan lame
- Edikasyon:
    - Pwogram lekòl segondè a plen tan
      o Pwogram ekivalans lekòl segondè apwouve
      o Pwogram Asosyasyon oswa Bakaloreya nan Kolèj oswa Inivèsite
      o Pwogram post-gradyasyon nan Kolèj oswa Inivèsite (sèlman lè gen re-otorizasyon)
- Fòmasyon:
    - Fòmasyon vokasyonèl apwouve
      o Pwogram ESOL apwouve
      o Lè travay-etik (work-study)
      o Fòmasyon pwofesyonèl post-gradyasyon apwouve (sèlman lè gen re-otorizasyon)
- Konje paran (konje matènite/patènite)
  • Ap chèche aktivite apwouve
  • Sikonstans fanmi oswa timoun siplemantè: Sikonstans fanmi oswa timoun sa yo ap satisfè tou kondisyon bezwen sèvis la:
    - Paran oswa moun k ap bay swen ki gen yon andikap ki kalifye
        - Timoun ki gen yon andikap ki kalifye; lè paran an ap patisipe tou nan yon lòt aktivite ki satisfè bezwen sèvis la
    - Yon fanmi ki san kay
      o Yon fanmi ki viktim vyolans domestik
      o Yon paran k ap patisipe nan tretman oswa reyabilitasyon pou abi sibstans

Bezwen Sèvis – Travay

TRAVAY PEYE

Fanmi yo dwe bay dokiman ki jistifye rezonabman lè ak salè paran yo nan travay. Pou yon aktivite travay konsidere kòm yon bezwen sèvis ki elijib, travay la dwe peye omwen salè minimòm ki etabli nan eta kote moun nan ap travay la.

Fanmi yo dwe soumèt youn nan dokiman sa yo pou konfime bezwen sèvis sa a:

- 4 semèn salè (pa oblije kontinyèl) nan 26 dènye semèn yo (6 mwa) ki pi byen

reflete kantite lè yo travay regilyèman ak revni yo.

- Yon lèt travay: Yon lèt soti nan yon anplwayè sou papye konpayi ki gen enfòmasyon sou travay peye paran an, revni li, ak kantite lè li travay.
- Fòm Verifikasyon Travay (EVF):
    - Sèvi lè yon paran gen yon nouvo travay epi li pa kapab bay ase souch peman
      o Sèvi nan premye otorizasyon lè yon paran peye an kach
      o Sèvi nan premye otorizasyon lè yon paran ap travay a tan pasyèl, men li pral ogmante pou travay a tan plen si li gen gadri pou timoun yo
      o Nòt: Fanmi ki bay yon lèt travay oswa yon EVF dwe resevwa yon otorizasyon 12 mwa epi yo dwe bay souch peman (oswa deklarasyon taks pou peman an kach) lè gen re-otorizasyon.

TRAVAY POU TÈT OU

Travay pou tèt ou se touche revni dirèkteman nan pwòp biznis, komès, oswa pwofesyon yon moun, apre yo fin retire depans ki pèmèt yo. Pou yon aktivite travay pou tèt ou konsidere kòm yon bezwen sèvis ki elijib, travay la dwe peye omwen salè minimòm ki etabli nan eta kote moun nan ap travay la. Fanmi yo dwe bay dokiman ki gen ladan lè ak salè paran an pou verifye yon bezwen sèvis a tan plen oswa a tan pasyèl nan travay pou tèt yo si paran an angaje nan yon aranjman travay ki pa tradisyonèl (pa egzanp, travay sou demann tankou Uber oswa DoorDash).

Fanmi yo dwe soumèt youn nan dokiman sa yo pou konfime bezwen sèvis sa a:

- **Fòm Revni Travay pou Tèt Ou:** Bay pou pwouve travay pou tèt ou kòm yon bezwen sèvis, fanmi yo ka sètifye tèt yo lè yo bay yon Fòm Revni Travay pou Tèt Ou siyen ak dat ki gen ladan yon deskripsyon travay yo ak kantite lè yo travay.
- **Souch peman:** Kopi dijital oswa papye nan souch peman ki montre kantite lè yo travay.
- **Dokiman taks:** Deklarasyon taks aktyèl, deklarasyon pwofi ak pèt aktyèl oswa nenpòt lòt dokiman ki jistifye rezonabman ke paran an patisipe nan travay pou tèt li a tan plen oswa a tan pasyèl, kontra endepandan, travay sou demann (gig work), oswa lòt aranjman travay ki pa tradisyonèl.

RETRET

Fanmi ki gen youn oswa plizyè paran ki gen 65 an oswa plis epi ki pran retret ka kalifye pou gadri a tan plen ak yon bezwen sèvis ki baze sou retret. Fanmi yo pral oblije soumèt

enfòmasyon sou revni, epi yo ka oblije peye yon frè pou paran an.

Fanmi yo dwe soumèt yon dokiman soti nan chak lis pou konfime bezwen sèvis sa a:

- Retrete:
    - Lèt benefis oswa pansyon oswa souch peman
      o Nenpòt lòt dokiman ki jistifye rezonabman ke paran an retrete
- Laj 65 an oswa plis:
    - Kat idantite ak foto
      o Paspò
      o Sètifika nesans
      o Nenpòt lòt dokiman ki jistifye rezonabman ke paran an gen 65 an oswa plis

SÈVIS AKTIF NAN LAME

Fanmi ki gen youn oswa plizyè paran k ap sèvi nan lame Etazini, enkli Gady Nasyonal la, ki deplwaye oswa aktive pou sèvis danjere oswa nan preparasyon pou deplwaman, pral kalifye pou yon bezwen sèvis ki baze sou Sèvis Aktif nan Lame. Fanmi yo dwe bay yon kopi lòd militè yo. Fanmi ki gen bezwen sèvis Sèvis Aktif nan Lame pral kalifye pou yon otorizasyon 12 mwa pou gadri a tan plen.

> Nan yon kay ki gen de paran, kote youn nan paran yo satisfè kritè pou bezwen sèvis Sèvis Aktif nan Lame, dezyèm paran an pa bezwen gen pwòp bezwen sèvis li pou etabli elijibilite. Si dezyèm paran an gen yon lòt bezwen sèvis, li dwe antre nan dosye a, epi yon frè pou paran an ka aplike si sa aplikab.

Bezwen Sèvis – Edikasyon oswa Fòmasyon

Pwogram edikasyon oswa fòmasyon sa yo ka itilize pou etabli yon bezwen sèvis ki baze sou edikasyon oswa fòmasyon. Fanmi yo pral soumèt enfòmasyon sou revni, epi yo ka oblije peye yon frè pou paran an.

PWOGRAM LEKÒL SEGONDÈ A TAN PLEN

Patisipasyon nan yon pwogram lekòl segondè a tan plen pral kalifye kòm yon bezwen sèvis a tan plen, kèlkeswa orè pwogram nan.

Fanmi yo dwe soumèt youn nan dokiman sa yo pou verifye bezwen sèvis sa a:

- Deklarasyon ekri soti nan lekòl la ki verifye enskripsyon an; oswa

- Kopi transkrip ki montre dat prevwa pou gradiasyon nan lekòl segondè.

PWOGRAM EKIVALANS LEKÒL SEGONDÈ APWOUVE

Elijibilite pou bezwen sèvis sa a baze sou enskripsyon nan yon pwogram ekivalans lekòl segondè oswa vokasyonèl ki kalifye ak kantite èdtan espesifik yo pase nan klas. Fanmi yo resevwa 2.5 èdtan bezwen sèvis pou chak 1 èdtan yo pase nan pwogram nan chak semèn. Pa egzanp, si yon paran asiste klas pou 10 èdtan pa semèn, total bezwen sèvis li kalkile kòm 25 èdtan (10 èdtan × 2.5 = 25), sa ki kalifye fanmi an pou gadri a tan plen.

Fanmi yo dwe soumèt dokiman sa yo pou verifye bezwen sèvis sa a:

- Yon deklarasyon ekri soti nan lekòl oswa pwogram nan ki verifye enskripsyon an ak kantite èdtan pa semèn.

PWOGRAM ASOSYASYON OSWA BAKALOREYA NAN KOLÈJ OSWA INIVÈSITE

Yon pwogram kolèj oswa inivèsite akreditasyon ki mennen nan yon diplòm asosye oswa bakaloreya pou kontinye yon bezwen sèvis edikasyon oswa fòmasyon ki te deja otorize:

- Patisipasyon nan omwen 10 èdtan kredi nan kou kolèj pral kalifye kòm yon bezwen sèvis a tan plen (10 kredi × 2.5 èdtan = 25 èdtan). Sa enkli patisipasyon nan kou semès akselere ki mande plis èdtan nan klas men pou yon peryòd tan pi kout.
- Pou patisipasyon nan mwens pase 10 èdtan kredi nan kou kolèj, kantite èdtan bezwen sèvis la pral detèmine lè yo miltipliye èdtan kredi yo pa 2.5.
- Patisipasyon nan kou semès akselere pou omwen 8 èdtan men mwens pase 10 èdtan pa semèn pral kalifye kòm yon bezwen sèvis a tan pasyèl.

Fanmi yo dwe soumèt youn nan dokiman sa yo pou verifye bezwen sèvis sa a:

- Deklarasyon ekri soti nan pwogram kolèj oswa inivèsite a, ki presize kantite kredi elèv la enskri ladan yo.
- Kopi transkrip ofisyèl kolèj la
- Kopi transkrip elektroknik ak paj otantifikasyon an atache

PWOGRAM APRÈ GRADYASYON NAN KOLÈJ OSWA INIVÈSITE (SÈLMAN LÈ GEN RE-OTORIZASYON)

Sèlman lè gen re-otorizasyon, yon pwogram gradye oswa fòmasyon pwofesyonèl avanse

pou kontinye yon bezwen sèvis edikasyon oswa fòmasyon ki te deja otorize:

- Patisipasyon nan omwen 10 èdtan kredi nan kou kolèj pral kalifye kòm yon bezwen sèvis a tan plen (10 kredi × 2.5 èdtan = 25 èdtan). Sa enkli patisipasyon nan kou semès akselere ki mande plis èdtan nan klas men pou yon peryòd tan pi kout.
- Pou patisipasyon nan mwens pase 10 èdtan kredi nan kou kolèj, kantite èdtan bezwen sèvis la pral detèmine lè yo miltipliye èdtan kredi yo pa 2.5.
  • Patisipasyon nan kou semès akselere pou omwen 8 èdtan men mwens pase 10 èdtan pa semèn pral kalifye kòm yon bezwen sèvis a tan pasyèl.

Fanmi yo dwe soumèt youn nan dokiman sa yo pou konfime bezwen sèvis sa a:

- Deklarasyon ekri soti nan administrasyon pwogram kolèj oswa inivèsite a, ki presize kantite kredi elèv la enskri ladan yo
  • Kopi transkrip ofisyèl kolèj la
  • Kopi transkrip elektwonik ak paj otantifikasyon an atache

PWOGRAM FÒMASYON APWOUVE

Kantite èdtan bezwen sèvis ki sòti nan patisipasyon nan nenpòt nan sa ki annapre yo pral kalkile lè yo miltipliye kantite èdtan yo pase nan pwogram nan chak semèn pa 2.5:

• Pwogram Fòmasyon Vokasyonèl
• Pwogram Anglè pou moun ki pale lòt lang (ESOL)
• Lè travay-etik
• Estaj Pratik Obligatwa
• Eksperyans Klinik (ki enkli ansèyman elèv, YouthBuild, AmeriCorps, ak CommonwealthCorps)

Fanmi yo dwe soumèt dokiman sa a pou konfime bezwen sèvis sa a:

- Deklarasyon ekri soti nan pwogram fòmasyon an ki verifye enskripsyon an ak kantite èdtan yo pase nan pwogram nan chak semèn.

Bezwen Sèvis – Konje Paran

Yon fanmi pral kalifye pou yon bezwen sèvis konje paran si paran an sou yon konje tanporè soti nan travay, edikasyon, oswa fòmasyon pou rezon ki gen rapò ak nesans yon timoun, plasman yon timoun nan fanmi an, oswa swen yon timoun. Paran ki sou konje paran nan moman otorizasyon oswa re-otorizasyon pral elijib pou yon otorizasyon 12

mwa pou gadri a tan plen.

Bezwen sèvis sa a ka itilize nan premye otorizasyon oswa re-otorizasyon pou youn nan paran nan kay la. Tout revni ki konte enkli nan kalkil revni a (enkli benefis Konje Medikal Fanmi Peye), epi yon frè pou paran aplike si sa aplikab. Si paran an rapòte konje paran pandan yon peryòd otorizasyon aktif, bezwen sèvis sa a ka rete valab jiska re-otorizasyon yo, sof si yo rapòte yon chanjman (retou nan travay oswa lekòl). Yo ka kontinye elijib pou rezon sa a nan re-otorizasyon baze sou dokiman yo bay la.

Fanmi yo dwe soumèt dokiman sa a pou konfime bezwen sèvis sa a:

- Lèt soti nan anplwayè oswa pwogram edikasyonèl/oswa fòmasyon
  • Lèt soti nan doktè oswa ajans adopsyon
  • Dokiman ki montre konje medikal peye
  • Sètifikasyon siyen pa paran an ki deklare li sou konje paran

Bezwen Sèvis – Ap Chèche Aktivite Apwouve

Fanmi ki ap chèche travay, kòmanse yon pwogram lekòl, oswa ki bezwen plis tan pou bay dokiman sou yon aktivite bezwen sèvis ka kalifye pou bezwen sèvis Ap Chèche Aktivite Apwouve. Sa se yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn ki bay tan pou fanmi yo jwenn epi/oswa verifye ke yo satisfè kondisyon bezwen sèvis yo pou yon otorizasyon konplè 12 mwa. Fanmi yo toujou gen 30 jou kalandriye pou bay tout dokiman pou kalifye pou premye otorizasyon konplè 12 mwa a. Yon otorizasyon pwovizwa pa ka bay, epi yon plas gadri pa ka ofri yon lòt fanmi jiskaske peryòd 30 jou sa a fini. Fanmi yo pa ka apwouve pou yon otorizasyon pwovizwa san yo pa gen yon plas.

Administratè Aksè Fanmi (FAAs) dwe bay otorizasyon pwovizwa bay:

- Fanmi ki ap Chèche yon Aktivite Apwouve, oswa k ap sètifye yon aktivite oswa travay ki egziste deja;
- Paran ki pèdi bezwen sèvis pandan yon peryòd otorizasyon 12 mwa
- Fanmi ki pèdi, chanje, oswa diminye kantite èdtan aktivite bezwen sèvis yo pandan 30 dènye jou kalandriye yo anvan re-otorizasyon; epi
- Fanmi ki bezwen plis tan pou jwenn dokiman soti nan yon pwofesyonèl swen sante oswa lòt pwofesyonèl, jan sa ka nesesè pou paran k ap chèche kalifye ak yon bezwen sèvis Paran ki gen Andikap.

Pou ede fanmi yo kòmanse resevwa sèvis gadri lè yo ka bezwen plis tan pou satisfè règ sou bezwen sèvis yo, EEC itilize "Elijibilite Prezimatif." Sa se yon estati tanporè ki bay si

yon fanmi satisfè kondisyon minimòm sa yo pandan premye evalyasyon an:

- Idantite paran yo
  - Rezidans nan Massachusetts
  - Konpozisyon kay la ak gwosè fanmi an.

Ap Chèche Aktivite Apwouve pa ka itilize pou rezon sa yo:

- Pou konbine ak travay ki gen 15 èdtan oswa plis
  - Pou akselere apwobasyon pou anplwaye Edikasyon Bonè ak Swen
  - Pou Konje Paran
  - Pou yon aktivite oswa travay ki verifye pou kòmanse nan 30 jou kalandriye
  - Nouvo nan travay ak tèt yo

KONBINE AKTIVITE AK AP CHÈCHE AKTIVITE APWOUVE

Ap Chèche Aktivite Apwouve ka sèlman konbine ak lòt aktivite bezwen sèvis lè lòt aktivite yo konte pou yon mwayèn ki mwens pase 15 èdtan pa semèn. Anplis, konbine Ap Chèche Aktivite Apwouve ak lòt aktivite bezwen sèvis ka sèlman itilize pou bay yon fanmi yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn.

Sèl **eksepsyon** an se paran ki gen sèlman yon bezwen sèvis travay, oswa yon konbinezon travay ak edikasyon ak/oswa fòmasyon ki egal a omwen 15 èdtan men mwens pase 25 èdtan pa semèn. Paran ki satisfè eksepsyon sa a elijib pou yon nouvo aktivite sèvis ki rele Chemen pou Travay a Tan Plen (Pathway to Full-Time Employment) ki pral enkli kòm yon pati nan bezwen sèvis yo. Gade Mizajou sou Bezwen Sèvis yo anba a.

Fanmi yo pral oblije soumèt enfòmasyon sou revni, epi yon frè pou paran ka aplike. Yon fwa yon frè pou paran fikse pou otorizasyon an, li pa ka ogmante depase montan etabli a jiskaske pwochen re-otorizasyon an.

Si yon fanmi bay tout dokiman sipò ki nesesè pandan peryòd pwovizwa a, otorizasyon CCFA a pral kontinye san entèripsyon.

Fanmi ki pa kapab bay dokiman ki konfime elijibilite pou CCFA anvan fen peryòd pwovizwa 12 semèn Ap Chèche Aktivite Apwouve yo ka kalifye pou yon lòt peryòd pwovizwa 12 semèn **sèlman** si fanmi an kapab verifye ke yon bezwen sèvis (tankou yon travay, pwogram fòmasyon, oswa semès lekòl) pral kòmanse anvan fen dezyèm peryòd pwovizwa a. Fanmi yo pa ka resevwa plis pase de peryòd pwovizwa 12 semèn Ap Chèche Aktivite Apwouve pou chak kay, pou chak otorizasyon 12 mwa si yo respekte règ sa yo.

Si fanmi an pa kapab verifye elijibilite yo pou Asistans Finansye pou Gadri anvan fen peryòd pwovizwa yo, plas la pral fini.

Si plas yon fanmi fini akoz yo pa t kapab bay tout dokiman ki verifye elijibilite yo, yo ka relouvri CCFA yo si yo kapab bay tout dokiman ki manke yo nan 30 jou apre plas la fini. Si fanmi an pa bay dokiman ki nesesè yo nan 30 jou kalandriye apre dat fen plas la, Asistans Finansye pou Gadri yo pral fini. Yon fanmi ki mande CCFA apre yon terminasyon plas akoz yo pa t bay dokiman elijibilite yo ta bezwen retounen nan lis tann lan.

Bezwen Sèvis – Ap Resevwa oswa Nan Risk Pou Resevwa Sèvis Pwoteksyon

Yon fanmi ka satisfè kondisyon bezwen sèvis sa a si yo resevwa oswa yo nan risk pou resevwa sèvis pwoteksyon. Pou objektif Asistans Finansye pou Gadri, “nan risk pou resevwa sèvis pwoteksyon” enkli sitiyasyon kote yon paran pa kapab bay gadri pou nenpòt pati nan yon jounen 24 èdtan akoz vyolans nan kay, san kay, yon kondisyon fizik, mantal, emosyonèl oswa medikal, oswa patisipasyon nan yon pwogram tretman oswa reyabilitasyon pou abi sibstans.

PARAN OSWA MOUN K AP BAY SWEN KI GEN YON ANDIKAP KI KALIFYE

Yon fanmi ki gen yon paran oswa paran ki pa kapab patisipe, oswa ki gen patisipasyon limite nan nenpòt bezwen sèvis akoz yon andikap fizik, mantal, emosyonèl oswa medikal, ka kalifye pou gadri a tan plen oswa tan pasyèl ak yon bezwen sèvis Paran ki Gen Andikap. Paran ki Gen Andikap ka konbine ak yon lòt bezwen sèvis pou detèmine kantite swen ki nesesè. Paran ki afekte a dwe ranpli epi soumèt bay EEC yon kopi aplikasyon Paran ki Gen Andikap EEC a. Si EEC apwouve, bezwen sèvis Paran ki Gen Andikap ka valab jiska twa ane. Apre twa ane, yon paran k ap chèche re-otorize gadri ak yon bezwen sèvis Paran ki Gen Andikap dwe bay nouvo dokiman ki pwouve ke andikap la toujou egziste.

Pou konfime bezwen sèvis sa a, fanmi yo dwe soumèt dokiman sa yo ki ranpli pa yon pwofesyonèl apwouve jan sa endike sou Fòm Paran ki Gen Andikap la:

- Fòm Paran ki Gen Andikap: ranpli pa yon pwofesyonèl apwouve (jan sa endike sou Fòm Paran ki Gen Andikap la)
  • Lèt soti nan Pwofesyonèl: Yon deklarasyon ekri sou papye ofisyèl pwofesyonèl ki ranpli Fòm Paran ki Gen Andikap la, ki bay enfòmasyon espesifik sou andikap paran an.

Tout dokiman yo resevwa pou verifye Paran ki Gen Andikap dwe revize epi apwouve an

ekri pa EEC anvan yo ka konsidere kòm yon bezwen sèvis.

TIMOUN KI GEN YON ANDIKAP

Fanmi ki gen yon timoun ki gen yon andikap fizik oswa mantal dokimante, ki enkli yon kondisyon fizik, mantal, emosyonèl oswa medikal, ka kalifye pou gadri a tan plen ak yon bezwen sèvis Timoun ki Gen Andikap, depi ke:

- Paran yo te tou kalifye pou yon bezwen sèvis a tan pasyèl nan travay, fòmasyon, oswa edikasyon; epi
  • Dokiman yo bay la montre omwen yon bezwen sèvis gadri a tan pasyèl; oswa
  • Yo ka konsidere tou yon paran ki bay swen a tan plen pou yon timoun ki gen andikap, sa ki fè li nesesè pou bay gadri pou lòt timoun li yo; nan ka sa yo, paran an dwe fè demann pou yon varyans, dapre politik EEC.

Pou konfime bezwen sèvis sa a, fanmi yo dwe soumèt dokiman sa yo ki ranpli pa yon pwofesyonèl apwouve jan sa endike sou Fòm Timoun ki Gen Andikap la.

- Fòm Timoun ki Gen Andikap ranpli pa yon pwofesyonèl apwouve (jan sa endike sou Fòm Timoun ki Gen Andikap la)
  • Lèt soti nan Pwofesyonèl: Yon deklarasyon ekri sou papye ofisyèl pwofesyonèl ki ranpli Fòm Timoun ki Gen Andikap la, ki bay enfòmasyon espesifik sou andikap timoun nan.

FANMI KI SANZABRI

Fanmi ki sanzabri, ki enkli fanmi ki konsidere sanzabri selon definisyon McKinney-Vento a (jan sa defini nan Subtit VII-B nan McKinney-Vento Homeless Assistance Act la (Gade 42 U.S.C. 11434a(2))), pral kalifye pou yon bezwen sèvis a tan plen olye travay, edikasyon, oswa fòmasyon. Yo pap oblije peye okenn frè pou paran.

Dokiman sa yo pral sifi pou verifye yon bezwen sèvis sanzabri:

- Yon referans soti nan Executive Office of Housing and Livable Communities (EOHLC), yon refij ijans oswa lòt ajans legal, medikal, oswa sèvis sosyal
  • Yon referans ekri soti nan yon lyen ajans edikasyon lokal pou timoun ak jèn sanzabri
  • Yon referans ekri oswa lòt dokiman sipò soti nan yon pwogram Head Start
  • Yon referans ekri soti nan yon refij tranzisyonèl
  • Si pa gen lòt dokiman ki disponib, yon sètifikasyon siyen pa fanmi an ki deklare yo sanzabri.

Dokiman verifikasyon ki site pi wo a pral valab pou 90 jou kalandriye apati dat yo bay la.

Tout fanmi ki sanzabri pral elijib pou gadri a tan plen. Administratè Aksè Fanmi yo pral kominike ak yon refij oswa EOHLC jan sa nesesè pou sipòte yon fanmi nan jwenn Asistans Finansye pou Gadri. Founisè edikasyon bonè ak gadri ki gen kontra pral travay dirèkteman ak fanmi ki refere pa Refij oswa EOHLC pou konplete pwosesis elijibilite a epi finalize enskripsyon timoun nan.

Fanmi sanzabri yo gen dwa jiska 6 mwa pou satisfè kondisyon papye vaksinasyon ak fizik timoun nan. Yon Plan Swen Sante Endividyèl (IHCP) timoun nan obligatwa lè yo enskri nan yon pwogram.

Yon fanmi ki pa sanzabri ankò pandan yon peryòd otorizasyon ka kontinye benefisye Asistans Finansye pou Gadri jiskaske fen peryòd otorizasyon an. Fanmi ki toujou sanzabri nan fen otorizasyon yo ka re-otorize ak sanzabri kòm yon bezwen sèvis epi yo dwe kontinye satisfè kondisyon elijibilite pwogram gadri ki baze sou revni. Plas timoun nan pa pral entèwonp pandan yon nouvo referans oswa vouchè ap bay, sof si fanmi an mande yon chanjman. Administratè Aksè Fanmi yo dwe travay aktivman avèk fanmi an ansanm ak pèsonèl refij la ak/oswa lòt anplwaye EOHLC pou kowòdone yon tranzisyon san pwoblèm pandan yo kenbe timoun nan nan gadri.

VYOLANS DOMESTIK

Vyolans domestik se yon modèl konpòtman ki itilize pou kenbe pouvwa ak kontwòl sou yon patnè entim oswa yon manm fanmi. Fanmi ki ap fè fas ak vyolans domestik oswa ki te fè eksperyans li ka kalifye pou yon bezwen sèvis a tan plen ak gadri a tan plen, kèlkeswa si paran yo ap travay oswa ap suiv yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon.

Pou konfime bezwen sèvis sa a, fanmi yo dwe soumèt yon deklarasyon pèsonèl siyen ki deklare sitiyasyon vyolans domestik ki enplike paran an ak/oswa timoun nan, ansanm ak youn nan dokiman sa yo: dokiman tribinal, medikal, sikolojik, kriminèl, depatman Timoun ak Fanmi oswa lòt ajans sèvis sosyal, dosye lekòl oswa polis;

- Dokiman ki montre ke paran aplikan an te jwenn yon lòd restriksyon/oswa pou prevansyon abi oswa li te pran lòt mezi legal ki gen rapò ak vyolans domestik;
  • Dokiman ki pwouve ke paran an ap chèche lojman altènatif, refij oswa lòt kote sekirite; oswa
  • Verifikasyon patisipasyon paran an nan sèvis vyolans domestik ak/oswa sèvis konsèy, ki enkli gwoup sipò.

Fanmi yo pral oblije soumèt enfòmasyon sou revni yo tou, epi yon frè pou paran ka aplike.

- Pou plis enfòmasyon sou vyolans domestik, lòd prevansyon abi (lòd restriksyon), ak planifikasyon sekirite pou fanmi ki ap fè fas ak vyolans domestik, vizite Vyolans Domestik | Mass.gov.
- Pou plis enfòmasyon sou sèvis pou fanmi ki ap fè fas ak vyolans domestik, vizite Sèvis Vyolans Domestik | Mass.gov.

TRETMAN OSWA REYABILITASYON POU TWOUB ITILIZASYON SIBSTANS

Bezwen sèvis sa a se pou yon paran ki patisipe nan tretman oswa reyabilitasyon pou twoub itilizasyon sibstans. Bezwen sèvis sa a ka itilize pou kalifye yon fanmi pou yon otorizasyon 12 mwa pou gadri a tan plen, menm si paran an pa ap travay oswa pa ap suiv yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon. Fanmi yo ap toujou oblije soumèt enfòmasyon sou revni yo, epi yon frè pou paran ka aplike.

Fanmi yo dwe soumèt dokiman sa a pou konfime bezwen sèvis sa a:

- Sètifikasyon pèsonèl paran an sou plan tretman li; epi
  • Yon deklarasyon ekri sou papye ofisyèl pwofesyonèl soti nan yon otorite medikal sètifye oswa anplwaye pwogram tretman an ki enkli non ak kalite pwogram nan, dat kòmanse ak dat fini espere, ak kantite èdtan pa semèn.

Bezwen Sèvis – Kantite Swen

Sòf si lòt bagay espesifye nan règleman oswa politik EEC, si yon fanmi pral resevwa gadri a tan plen oswa tan pasyèl detèmine pa kantite èdtan mwayèn pa semèn ke paran an patisipe nan aktivite ki reprezante bezwen sèvis la.

- Paran ki patisipe nan yon aktivite bezwen sèvis pou yon mwayèn omwen 20 men mwens pase 25 èdtan pa semèn pral kalifye pou **gadri a tan pasyèl**.
- • Paran ki patisipe nan yon aktivite bezwen sèvis pou yon mwayèn 25 èdtan oswa plis pa semèn pral kalifye pou **gadri a tan plen**.

Paran ki patisipe nan aktivite bezwen sèvis yo pou yon mwayèn omwen 20 èdtan pa semèn elijib pou ajoute yon èdtan pa jou kòm tan vwayaj nan kantite èdtan bezwen sèvis yo, pou pran an kont deplasman ant kote sèvis gadri yo bay la ak kote aktivite bezwen sèvis la fèt (pa egzanp, travay oswa lekòl yo). Si sa aplikab, fanmi ki patisipe nan aktivite bezwen sèvis yo pou yon minimòm de 20 èdtan pa semèn pral kalifye pou gadri

a tan plen lè yo enkli tan vwayaj la.

Chemen pou Travay a Tan Plen – Siplemantè

Chemen pou Travay a Tan Plen pèmèt paran yo travay pou ogmante kantite èdtan yo oswa jwenn yon travay ki pi estab.

Lè paran yo ap travay oswa ap konbine travay ak edikasyon ak/oswa fòmasyon pou omwen 15 èdtan men mwens pase 25 èdtan pa semèn, san okenn lòt aktivite bezwen sèvis ki pèmèt, Administratè Aksè Fanmi (FAA) ka ajoute siplemantè sou bezwen sèvis sa a pou bay yon otorizasyon 12 mwa pou gadri a tan plen. Si otorizasyon aktyèl la deja enkli Chemen pou Travay a Tan Plen kòm yon bezwen sèvis, bezwen sèvis sa a pa ka itilize ankò kòm yon bezwen sèvis nan pwochen re-otorizasyon an.

Anvan yo ajoute Chemen pou Travay a Tan Plen, tan vwayaj dwe ofri epi enkli si sa aplikab.

Konbine Aktivite Bezwen Sèvis

Yon fanmi ka konbine aktivite bezwen sèvis yo pou montre yon bezwen sèvis a tan plen oswa tan pasyèl. Pa egzanp, si yon paran ap swiv klas a tan pasyèl epi li gen yon andikap ki kalifye, de bezwen sèvis sa yo ka konbine pou rezilta nan yon bezwen sèvis a tan plen ak yon otorizasyon 12 mwa.

CHAPIT 3: PERYÒD OTORIZASYON

Yon peryòd otorizasyon se dire tan yon fanmi otorize pou asistans finansye pou gadri. Peryòd otorizasyon estanda a se 12 mwa, epi anjeneral yon fanmi ap rete elijib pandan tout 12 mwa yo sòf si:

- Revni brit fanmi an depase 85% nan Revni Mwayen Eta a;
  • Fanmi an sispann aktivite bezwen sèvis yo pou plis pase 12 semèn;
  • Fanmi an deplase deyò eta a;
  • Fanmi an mande pou fèmen ka yo; oswa
  • Yo jwenn ke fanmi an te komèt fwod ki verifye oswa vyolasyon entansyonèl nan pwogram nan ki rann detèminasyon elijibilite anvan yo enkonsistan.

Re-otorizasyon

Nòt Re-otorizasyon yo dwe bay fanmi yo 60 jou kalandriye anvan dat fen peryòd otorizasyon aktyèl yo pou fè yo konnen ke peryòd otorizasyon yo ap fini. Si fanmi an

poko re-otorize asistans finansye pou gadri yo omwen 2 semèn anvan dat ekspirasyon an, Administratè Aksè Fanmi (FAA) dwe voye yon Nòt Refi 2 semèn. FAA yo oblije voye tout notifikasyon bay fanmi yo atravè omwen de fòm kominikasyon, ki ka enkli telefòn, mesaj tèks, imel, ak/oswa lapòs. Omwen youn nan notifikasyon sa yo ap founi an ekri.

Yon fanmi ka aplike an pèsòn oswa vityèlman pou re-otorize asistans finansye yo pou yon lòt peryòd otorizasyon 12 mwa. Yon fanmi ka re-otorize menm si pa gen okenn plas gadri kounye a, depi fanmi an toujou nan delè pou re-otorize. Nan chak re-otorizasyon, fanmi an dwe soumèt dokiman ki verifye revni yo ak bezwen sèvis yo.

Si fanmi an te deplase depi dènye re-otorizasyon yo, yo pral oblije soumèt dokiman ki verifye rezidans yo nan Massachusetts. Si fanmi an pa deplase, verifikasyon adrès oswa rezidans nan Massachusetts pa obligatwa. Fanmi an dwe soumèt dokiman pou ajoute oswa retire yon manm nan kay la.

Si yon fanmi bezwen plis tan pou soumèt dokiman ki verifye elijibilite pou bezwen sèvis yo anvan fen peryòd otorizasyon aktyèl yo, fanmi an ka resevwa yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn pou Aktivite Apwouve Kap Chèche, pou pèmèt gadri a kontinye pandan y ap konplete pwosesis re-otorizasyon an. Tanpri konsilte seksyon Sou Bezwen Sèvis “Kap Chèche Aktivite Apwouve” pou plis enfòmasyon

Anvan asistans finansye pou gadri yon fanmi ka sispann, FAA a dwe fè de tantativ separe pou kontakte fanmi an, lè l sèvi avèk diferan mwayen kominikasyon (pa egzanp, yon apèl telefòn yon jou, yon imèl jou kap vini an).

CHAPIT 4: CHANJMAN RAPÒTE

Yon fanmi ka fè eksperyans chanjman nan sitiyasyon lojman yo, travay yo, oswa edikasyon yo pandan peryòd otorizasyon yo. Administratè Aksè Fanmi (AAF) dwe enfòme fanmi yo sou responsablite yo pou rapòte sèten chanjman nan 30 jou kalandriye, ki gen ladan:

- Revni kay la ki depase 85% nan Revni Mwayèn Eta a (SMI);
    - Enfòmasyon kontak fanmi an (ki gen ladan chanjman adrès oswa chanjman nan aranjman gadyen timoun lan pou plis pase 30 jou total);
    - Fanmi an pa ap viv ankò nan Massachusetts; oswa
    - Yon chanjman oswa sispansyon nan travay, fòmasyon, oswa patisipasyon nan edikasyon yon paran ki espere dire plis pase 12 semèn.

Si yon fanmi pa rapòte youn nan chanjman sa yo bay AAF la nan 30 jou kalandriye,

asistans finansye yo ka sispann.

Chanjman ki sèlman bezwen rapòte lè yo fè re-otorizasyon yo gen ladan:

- Chanjman nan revni ki pa depase 85% SMI;
  • Chanjman oswa fen nan bezwen sèvis ki pa espere dire plis pase 12 semèn;
- Nenpòt absans ki gen tan limite nan yon aktivite apwouve yon paran akoz maladi oswa bezwen pou pran swen yon manm fanmi;
  • Nenpòt entèripsyon nan travay pou yon travayè sezonye ki pa ap travay ant sezon regilye nan endistri a;
  • Nenpòt rediksyon nan èdtan travay, fòmasyon, oswa edikasyon, osi lontan ke paran an toujou ap travay oswa ap suiv fòmasyon oswa edikasyon; oswa
  • Nenpòt lòt fen nan yon aktivite apwouve yon paran ki pa depase 12 semèn.

Pandan ke fanmi yo dwe rapòte tout chanjman lè yo fè re-otorizasyon, yo ka chwazi rapòte yon chanjman pi bonè si chanjman an pote avantaj pou fanmi an (pa egzanp, chanjman nan gwosè fanmi oswa revni).

Si yon paran ki otorize pou gadri a tan pasyèl rapòte yon chanjman nan bezwen sèvis ki ta pèmèt gadri a tan plen, epi li vle chanje pou gadri a tan plen:

- Yon otorizasyon 12 mwa pa dwe kout pou anyen ki pi piti pase emisyon yon nouvo otorizasyon 12 mwa.
  • Paran an dwe prezante tout dokiman ki montre bezwen sèvis tan plen li
  • Yon fwa tout dokiman obligatwa yo resevwa, yon nouvo otorizasyon 12 mwa konplè pou kay la pral emèt.

Egzijans pou rapòte chanjman pa aplike pou fanmi ki te resevwa yon otorizasyon pwovizwa 12 semèn pou Aktivite Apwouve. Nenpòt chanjman ki rive pandan yon otorizasyon pwovizwa dwe antre si AAF apwouve paran an pou rès otorizasyon 12 mwa yo.

CHAPIT 5: PLASMAN

Yon fwa yo detèmine yon fanmi kòm kalifye pou asistans finansye pou gadri, yo dwe detèmine yon plasman pou timoun yo. Gen de kalite asistans finansye pou gadri:

- **Yon Plas Kontra:** Sa se yon plas nan yon pwogram gadri espesifik nan zòn ou an.
- **Yon Koupon:** Sa ka itilize nan nenpòt founisè gadri ki aksepte asistans finansye pou gadri leta.

Si yon fanmi resevwa yon plas ak yon founisè kontra espesifik, yo dwe otorize ak plase pa Administratè Aksè Fanmi (AAF) nan pwogram sa a oswa nan yon founisè ki afilye ak pwogram sa a.

Si yon fanmi resevwa yon koupon, timoun yo ap plase ak yon founisè ke fanmi an chwazi. AAF yo pral ede yon fanmi jwenn founisè edikasyon bonè ak gadri lokal ki satisfè bezwen fanmi an.

Fanmi ki resevwa yon koupon pa oblije aksepte yon plas oswa enskri ak yon founisè edikasyon bonè ak gadri patikilye. AAF yo dwe asire ke fanmi yo kapab chwazi nan tout seri anviwònman gadri ki kalifye, ki gen ladan:

- Founisè Pwogram Gadri Fanmi ki Gen Lisans
- Founisè Pwogram Sant ki Gen Lisans
- Founisè Pwogram Gadri Pou Timoun Lekòl ki Gen Lisans
- Founisè Pwogram Head Start ki Gen Lisans
- Pwogram ki Finanse enkli:
    - Founisè Pwogram Sant ki Finanse
    - Kan Ete ki Gen Lisans pa Depatman Sante Piblik
- Founisè Gadri Enfòmèl; enkli:
    - Gadri Enfòmèl Pa Fanmi se lè yon fanmi bay gadri swa nan kay fanmi an oswa nan kay timoun nan
    - Gadri Enfòmèl Pa Fanmi se lè yon moun ki pa fanmi bay gadri pou timoun yon fanmi nan kay fanmi an

Anplwaye Edikasyon Bonè Ki Swanye Pwòp Timoun Yo

